

SISPANN GAYE COVID-19 AN SILANS: TOUT SA W BEZWEN KONNEN SOU TÈS ASENTOMATIK



Ki sa ki gaye viris la san sentòm ye?

Anpil etid montre youn sou de enfeksyon nan pandemi sa a soti nan yon moun ki pa t gen okenn sentòm lè yo te transmèt viris la. Yo rele sa asentomatik, oswa gaye an silans. Moun k ap gaye viris la ki pa gen sentòm yo tonbe nan de kategori: 1) Moun ki pa janm devlope sentòm COVID-19 ak 2) Moun ki presenptomatik, sa vle di yo pa gen sentòm lè yo enfekte lòt moun, men apre yo tonbe malad. Tou de kalite gwoup sa yo ap enfekte lòt moun pandan yo santi yo an sante.

Ki sa ki tès asentomatik, oswa 'tès depistaj' ye?

Tès asentomatik, ki rele tou tès depistaj, tès siveyans oswa asirans, ap fè tès pou moun ki santi yo an sante. Kontrèman ak tès dyagnostik, ki konsantre sou moun ki gen sentòm COVID-19, tès asentomatik se pou moun ki pa gen sentòm, men yo toujou ta dwe fè tès la. Depistaj enpòtan sitou pou nenpòt moun ki angaje nan aktivite ki ogmante risk enfeksyon, oswa nenpòt moun ki travay nan yon anviwònman ki gen anpil risk. Tès moun ki san sentòm se yon pati esansyèl nan efò kolektif nou yo pou sispann chèn transmisyon envizib la.

Kisa vil yo ak eta yo ap fè pou ogmante tès pou moun san sentòm yo?

Anpil vil ak eta yo ap bati kapasite pou yo teste pi souvan moun ki pa gen sentòm yo, epi fè tès yo aksesib pou moun ki a risk yo. Sa a gen ladan plan pou ogmante tès woutin pou moun ki travay kole kole ak lòt moun, pa egzanp, nan restoran oswa transfòmasyon manje, ak pou moun ki travay oswa k ap viv nan anviwònman ki gen anpil risk, tankou mezon retrèt, lekòl oswa enstalasyon penitansyè. Nan kominote ki plis touche yo, kanpay tès yo ankouraje tès pou tout manm kominote a.

Ki sa tès woutin nan ye?

Tès woutin se yon pati enpòtan nan tès pou moun san sentòm epi pèmèt siveyans enpòtan nan espas travay ak espas kominotè. Sa vle di gen moun ki teste yon fwa oswa de fwa pa semèn, oswa chak lòt semèn, sou yon baz regilye. Se paske yon tès se sèlman yon esè yon fwa—ou ka fè tès ou negatif yon jou, men ou pozitif yon lòt jou. Tès woutin travay lè yo jwenn enfeksyon an bonè nan gwoup moun ki gen pi gwo risk akoz kote y ap travay oswa kote y ap viv la. Gen kèk inivèsite ak kolèj, pa egzanp, ki sèvi ak tès woutin pou tout elèv yo ak anplwaye ki nan kanmpis la pou aprantisaj an pèsòn pou pou evite yon gwo gwoup moun kontamine

epi sispann gaye viris la an silans. Tès woutin pa toujou nesèsè pou moun yo. Si w te gen yon rankont patikilye kote te gen anpil risk, nòmalmman li sifi ou fè tès 5-7 jou pita pou chèche konnen si w te enfekte.

Kisa mwen ka fè pou sispann gaye viris la san sentòm?

Nou rekòmande pou chak moun ki kalifye pran vaksen an. Kit ou te fè yon tès ou negatif, li esansyèl ou kontinye respekte distans sosyal, lave men ak mete mask, epi rete enfòm sou ki lè ak poukisa ou dwe fè tès. Si w te ale nan yon gwo rasanbleman, ou te bliye mete mask nan yon evènman ki te fè yt yon kote fèmen oswa ou travay kole kole ak lòt moun, pa egzanp, se ka lè pou w fè tès. Rete enfòm epi konnen sityasyon ou.

Kijan pou mwen konnen si mwen se yon se yon moun k ap gaye viris la an silans?

Sonje, lefètke w santi w an sante se pa yon garanti ou pa gen COVID-19. Sèl fason pou w konnen se vre se lè w fè tès. E menm lè sa a, tès la sèlman valab pou yon sèten tan. Si w panse ta ka gen yon chans ou pran viris la, rete lwen lòt moun, mete maske, epi fè tès.

Kijan pou mwen konnen si mwen dwe fè tès e kilè mwen ta dwe fè tès la?

Prensipal rezon moun ki an sante yo fè tès yo gen ladan l: Ou te ale nan yon gwo rasanbleman ak pre anpil ak moun ki pa rete nan menm kay avè w, ou travay nan yon endistri esansyèl, oswa ou gen yon kondisyon medikal ki pa devwale epi ou ka te ekspoze, oswa ou fèk vwayaje al nan yon lòt eta.

Èske kounye nou tou ta dwe fè yon tès toutan?

Non. Disponibilite nan tès pou moun ki san sentòm pa vle di tout moun ta dwe fè tès toutan. Sa vle di nou teste yon fason estratejik moun ki gen pi gwo risk, epi teste yo swa nan tès woutin paske yo travay nan anviwònman esansyèl oswa jis yon fwa apre yon rankont ki gen anpil risk. Tcheke sit entènèt vil ou a oswa eta a pou plis detay sou direktiv tès pou moun ki san sentòm nan zòn ou an.

Èske fè tès diminye risk mwen pou mwen enfekte?

Non. Yon moun enfekte ak COVID-19 akoz li te ekspoze nan yon anviwònman ki gen anpil risk. Tès pou moun ki saa sentòm sou gwo echèl ka redui pousantaj enfeksyon an jeneral lè yo idantifye moun ki malad nan kominote a. Men, tès la pa pral pwoteje w kont viris la, menm jan yon tès gwoès ka sèlman konfime yon rezilta, men pa anpeche l.

Poukisa gen kèk moun ki gen pi gwo risk pou yo gen COVID-19?

Pou travayè makèt ki pa vaksinen, moun ki travay nan premye sekou, enfimyè, pwofesè, doktè ak anpil lòt travayè esansyèl, akoz travay yo li posib pou yo te ekspoze ak COVID-19. Yo riske enfekte chak jou nan prepare manje pou nou, pran swen malad yo epi kenbe vil nou yo an sekirite. Pou lòt moun, se chwa pa yo ki fè te fè fas ak gwo risk. Yon epidemi ka soti nan aksyon ki ankouraje enfeksyon olye pou yo anpeche l. Asire ou ou pa pran risk san nesèsite. Fè pati pa w la: pran vaksen, mete mask, respekte distans sosyal, lave men, evite rasanbleman ki gen anpil moun epi fè tès si w panse ou ka te ekspoze.